

Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 43 MILYON DOLA POU KONTE MONROE AK 41 MILYON DOLA POU KONTE WAYNE POU FINANSE 43 PWOJÈ ONIVO DE (2) REJYON YO POU FÈ VANSE INISYATIV POU REZISTANS AK DEVLOPMAN EKONOMIK LAK ONTARIO A

Yo te Chwazi Pwojè REDI Kominote a te Idantifye yo apre Ekspè yo te Fè Evalyasyon ak Revizyon yo

Yo te Apwopriye 300 Milyon dola Ototal pou Kominote bò Rivaj yo ki gen ladan 15 Milyon Dola pou Dragaj Rejyonal, 30 Milyon Dola pou Biznis Prive yo, ak 20 Milyon Dola pou Ofri Pwopriyete Kay yo Asistans

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse eta a ap ofri 43 milyon dola pou Konte Monroe ak 41 milyon dola pou Konte Wayne, k ap bay 84 milyon dola ototal pou fè vanse 43 pwojè onivo de (2) rejyon yo kòm yon eleman nan premyè faz finansman nan kad Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Lak Ontario a. [Gouvènè Cuomo te lanse inisyativ REDI a an Me](#) pou ogmante rezistans kominote bò rivaj yo ak ranfòse devlopman ekonomik nan rejyon an. Anons jodi a make yon etap enpòtan nan kad efò REDI ap fè a. Pwojè yo, ke kominote yo te idantifye epi ekspè ajans leta yo evalye yo, ap reponn alafwa a bezwen rezistans imedya ansanm ak bezwen rezistans alontèm yo, amelyore devlopman ekonomik, pwoteje enfrastrikti esansyèl yo, enkòpore karakteristik ekolojik, natirèl, oswa ki an fonksyon lanati, epi yo pral ede rekonstwi ak amelyore kominote olon rivaj Lak Ontario a ak bò Rivyè St Lawrence lan yo nan fason dirab. Y ap anonse plis pwojè nan kad inisyativ REDI a pwochènman.

"Pou reponn a defi Nouyòkè k ap viv olon rivaj Lak Ontario ak bò Rivyè St. Lawrence lan ap konfwonte yo, mwen te mande 11 ajans eta pou yo mobilize ekspètiz yo epi sipòte kominote lokal yo epi ede mete sou pye mezi k ap kreye dirabilite alontèm", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Jodi a, m ap anonse pwojè REDI nan rejyon Monroe ak Wayne. Pwojè enpòtan sa yo pral reyalize vizyon Eta a genyen pou pwoteje ak amelyore enfrastrikti, abita, ak ekonomi lokal rejyon an nan fason dirab. Lè nou travay ansanm, ekspè ajans ak pati prenan lokal Eta New York la yo te konsantre sou 43 pwojè nan konte sa yo pou yo sèvi kòm pwochen etap enpòtan pou ede kominote bò rivaj yo konplètman reprann yo, epi vin pi rezistan ak pi dinamik sou plan ekonomik."

"Kominote yo ki olon Lak Ontario ak nan Rivyè St Lawrence lan ap fè fas ak anpil gwo defi pandan dènye ane ki sot pase yo. Se poutèt sa nou te pran aksyon agresif pou n ede gouvènman lokal yo, biznis yo, ak pwopriyete kay yo avèk sipò eta a pou amelyore rezistans ak reponn a konsekans inondasyon yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Finansman sa ki sible pou pwojè nan konte Monroe ak konte Wayne lan pral reponn a bezwen enfrastrikti yo pou asire dirabilite alontèm. Efò enpòtan sa yo pral ede

konbat devastasyon evènman move tan ekstrèm yo kite dèyè yo, ranfòse ekonomi nou an, ak amelyore kalite lavi rezidan yo."

Depi inondasyon rekò ki te rive an 2017 la, Eta a te pran angajman plis pase 100 milyon dola pou rekonstwi kominote ki sitiye olon rivaj Lak Ontario a ke inondasyon yo te devaste yo, sèlman pou menm kominote sa yo te vin anba dlo ki monte nan nivo rekò ak inondasyon ane sa a ankò.

Yo te tabli senk rejyon REDI yo, ki gen uit konte ladan (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou yo idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ak lòt resous yo ki a risk, ak enkyetid ki genyen sou sekirite piblik yo. Komisyon REDI a te atribiye 20 milyon dola pou bay pwopriyete kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezistans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ki pral nan avantaj chak nan uit konte yo. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a bay pwojè lokal ak rejyonal k ap fè vanse epi ki montre egzanp misyon REDI a.

Pou idantifye pwojè yo, pandan yon peryòd de twa (3) mwa, REDI te òganize 25 reyinyon kominotè ak pati prenan yo plis atelye ak anpil santèn rezidan lokal, yo te konvoke plis pase 15 reyinyon ak komite planifikasyon an, epi yo te mande ajans ak ekspè jeni nan Eta New York pou konsakre anpil milye èdtan pou yo evalye plis pase 500 pwojè ke kominote yo te pwopoze. Pwojè yo genyen ladan yo yon seri resous ki a risk, ki gen ladan estabilizasyon rivaj, sante ak sekirite piblik, enfrastrikti dlo ak enfrastrikti dlo ize enpòtan yo, waf ak pò yo, ak pèt/valè tè, pami lòt priyorite ankò, kote yo te mete aksan sou karakteristik ki natirèl oswa karakteristik ki an fonksyon lanati yo ak enfrastrikti ekolojik yo.

Pou chak pwojè, yo pral bezwen egzamine pèmi plizyè jiridiksyon, epi egzamine nenpòt revizyon anviwònman ki asosye, avan yo pran nenpòt detèminasyon final pou yo kontinye. Pou yo ka konstwi rezistans, redui risk dega pou pwopriyete yo alavni, epi minimize efè yo gen sou abita yo, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC) te konpile direktiv jeneral yo pou gide konsepsyon zòn kotyè ak pwojè devlopman yo. Direktiv sa yo gen ladan done teknik, konsèy regilatwa, pi bon pratik, ak resous ki disponib pou devlopman olon rivaj dinamik nan Gran Lak yo ak nan Rivyè St. Lawrence lan. Enfòmasyon teknik ak otorizasyon global sa a ki pou ede akselere pwosesis otorizasyon an disponib sou [pajwèb direktiv REDI a](#).

Pou yo ka plis konfwonte defi nivo dlo yo k ap monte a poze yo plis pwojè ki espesifik a chak konte yo te anonse jodi a, Gouvènè Cuomo te anonse efò dragaj k ap koute 15 milyon dola y ap antreprann onivo uit konte, pou mentni kanal navigasyon sekirite nan fason dirab ki mennen nan pò yo ak nan bè yo olon Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan. Kanal sa yo enpòtan anpil pou vitalite aktivite bato plezans ak komèsyal yo, ke yo estime ki jenere plis pase 1,000 djòb toupatou nan rejyon an.

Yo ka itilize sediman dragaj apwopriye yo pou reyitilizasyon k ap avantaje pou pwojè restorasyon ekosistèm lan oswa jesyon ewozyon yo, kote y ap gen posiblite pou bay avantaj pou abita, kalite dlo, ak alimantasyon pou plaj yo.

Lis konplè ki gen 43 pwojè nan konte Monroe ak konte Wayne yo disponib [la](#). Pwojè

REDI yo mete aksan sou yo ak kantite lajan yo estime y ap koute nan konte Monroe ak konte Wayne yo gen ladan:

Rejyon REDI Monroe a

Klike [la](#) pou w afiche egzantp ilistrasyon pwojè yo.

- 9,166,000 dola pou Pwojè Edgemere Drive la nan Vil Greece. Pwojè sa a melanje ansanm sèt (7) pwojè separe yo te soumèt bay Komite Planifikasyon REDI Konte Monroe a k ap reponn a pwoblèm transpò enpòtan yo, amelyorasyon enfrastrikti dlo lapli ak dlo egou sanitè avèk estabilizasyon dirab bò rivaj rezistan an fonksyon lanati. Lè yo amelyore jesyon dlo lapli gras a konstriksyon oswa reparasyon drenaj, konduit dlo lateral yo, ak estasyon ponpaj yo, pwojè a pral redui debòdman egou sanitè yo pou pwoteje rezistans basen vèsan Lak Ontario a pandan l ap pwoteje sante ak sekirite rezidan yo tou. Elvasyon pòsyon sistèm wout yo pral asire rezidan yo, touris ak sekouris ijans yo kontinye jwenn aksè nan enfrastrikti sa a. Eleman pwojè a gen ladan:
 - Pwojè Egou Old Edgemere Drive la (2,927,000 dola)
 - Pwojè Egou Crescent Beach Road la (1,160,000 dola)
 - Pwojè Edgemere Drive/Island Cottage ale Crescent Beach la (850,000 dola)
 - Pwojè Edgemere Drive/Cranberry Road la (150,000 dola)
 - Pwojè Egou Dlo Lapli Edgemere Drive la (1,500,000 dola)
 - Pwojè Long Pond Outlet/Channel Park la (1,929,000 dola)
 - Pwojè Edgemere Drive la (650,000 dola)
- Pwojè 5,860,000 dola nan Vil Parma pral enstale yon sistèm transpò presyon ba pou dlo ize yo, ki gen ladan bwayè ponpaj yo ak yon konduit prensipal ki konekte ak Depatman Sèvis Anviwònmanal (Department of Environmental Services) Konte Monroe a. An 2017 ak 2019, dlo inondasyon yo te inonde sistèm septik yo ki te kreye yon menas pou sante ak sekirite piblik.
- Pwojè 2,670,000 dola Pak Lamarin Eta Irondequoit Bay a (Irondequoit Bay State Marine Park) pral abòde pwoblèm inondasyon ki plede rive nan zòn lansman bato ak espas pakin nan pak la. Pwojè a pral elve lansman bato a epi enstale nouvo zòn anbakman, enstale estabilizasyon rivaj la soti nan lansman bato a alwès rive nan pwent espas estasyonman an, revètman espas estasyonman, epi enstale nouvo enfrastrikti dlo lapli pou retire dlo a nan espas estasyonman pou voye l nan bè a. Nouvo mezi estabilizasyon rivaj la yo pral pwoteje pak lamarin lan kont nivo dlo yo lè yo monte ak mare tanpèt yo, pwoteje sekirite piblik gras a aksè y ap rann disponib pou sekouris ijans yo antre nan zòn lan.

- 1,770,000 dola pou Pwojè St. Paul Terminus nan vil Rochester ak nan vil Irondequoit pral atenyè zòn inonde yo nan fen St. Paul Boulevard pandan moman dlo a monte yo, ki anpeche yo jwenn aksè sekirite a kondò ki toupre yo, Estasyon Maritim Cherif Konte Monroe a (Monroe County Sheriff's Maritime Station), Estasyon Gad Kòt Etazini an (U.S. Coast Guard, USCG), ak plizyè biznis. Pwojè a pral modifiye mezi estabilizasyon rivaj la k ap degrade a, ajoute yon nouvo estasyon ponp pou dlo lapli pou retire dlo lapli yo epi voye l pa lòtbò nan Rivyè Genesee a, enstale klapè retni pèmanan pou kontwole dlo egou lapli y ap jete nan rivyè a, chanje estasyon ponpaj dlo lapli a pou jere plis ekoulman dlo epi pwoteje l kont inondasyon, epi chanje lansman bato a ak drenaj dlo lapli yo nan Estasyon USCG a. Ansanm, mezi rezistans sa yo pral asire sèvis ijans yo ak biznis sezonye lokal yo jwenn aksè san danje lè yo pwoteje wout Konte Monroe antretni yo kont inondasyon pandan l ap anpeche yo jete dlo ize yo nan rivyè a.
- Pwojè 1,500,000 dola pou elve Lake Road nan Vil Webster pou mete l pi wo pase nivo dlo inondasyon yo pral ede estabilize rivaj la. Pwojè sa a pral pwoteje wout la gras a rigòl y ap kreye ak mezi pwotektiv an fonksyon lanati y ap pran sou rivaj la.

Rejyon REDI Wayne lan

Klike [la](#) pou w afiche egzantp ilustrasyon pwojè yo..

- Pwojè 14,630,000 dola Crescent Beach la nan vil Huron sou Sodus Bay pral rezoud plizyè brèch baraj an bawo nan Crescent Beach ak baraj an bawo Charles Point lan yo. Degradasyon baraj an bawo yo andomaje ekosistèm Sodus Bay a ki ofri abita pou espès anvwa disparisyon yo epi menase pwopriyete piblik ak prive yo lè pa gen anyen ki pou anpeche debri, glas, ak lanm lanmè yo antre nan bè a. Ewozyon rivaj la lakoz debòdman sistèm septik vilnerab ki la deja yo. Sodus Bay se kote yon estasyon Gad Kòt Etazini (USCG) ak yon Biwo Cherif ye. Pwojè a pral reyalize solisyon an fonksyon lanati pou yo estabilize baraj an bawo a epi pwoteje apeprè 34 kilomèt olon rivaj la, ki gen ladan pwopriyete piblik ak prive yo, plis pase 1,000 kay ak plis pase 1,200 anplasman anbakman.
- Pwojè 12,171,000 dola Blind Sodus Bay a pral abòde pwoblèm ewozyon rivaj bè a akòz brèch yo ki sou baraj an bawo a ki degrade kounye a. Estabilizasyon falèz ki sou Blind Sodus Bay Road la avèk materyo natirèl epi ki an fonksyon lanati pral ranfòse 3,700 pye olon rivaj la. Pwojè a pral pwoteje enfrastrikti ak pwopriyete enpòtan yo kont dega glas, debri, ak lanm lanmè yo pou yo pa antre nan bè a.
- Pwojè 7,400,000 dola Wickham Boulevard ak Greig Street la pral atenyè inondasyon k ap plede rive nan vilaj Sodus Point. Pwojè a pral pwoteje espas piblik yo, ki gen ladan pak yo, plaj yo, ak restoran ki sou bè a yo, ansanm ak kay ki sou toude bò lari a yo kont inondasyon gras a

estabilizasyon rivaj la. Pwojè a pral ede antretni atraksyon touris ki toupre a epi ankouraje sikilasyon moun a pye yo pou y al nan pak ak plaj vil la.

- Pwojè 590,000 dola pou Enfrastrikti Dlo Ize Tèren Kan White Birch la pral reponn a pwoblèm ewozyon k ap anvayi yon konduit egou nan tèren kan vilaj Sodus Point lan aktyèlman la. Tèren kan ekspoze dirèkteman a lak la epi pwojè a pral enstale mezi estabilizasyon rivaj ki mezire apeprè 1,000 pye pou pwoteje enfrastrikti dlo ize enpòtan yo k ap sèvi tèren kan ak 200 rezidans yo estime.
- Pwojè 490,000 dola Sodus Point Beach la pral abòde pwoblèm rivaj plaj k ap pèdi akòz ewozyon an ak inondasyon kay ki pa lòtbò lari a yo. Plaj la ekspoze dirèkteman a lak la epi li kouri risk inondasyon pandan evènman dlo monte yo. Pwojè a pral tabli yon restorasyon rivaj an fonksyon lanati avèk yon sistèm din pwotektiv pou anpeche dlo inondasyon yo antre pandan mare tanpèt yo.

Komisè DEC a ak Ko-Prezidan REDI a, Basil Seggos te deklare, "Kalite opinyon ak kowoperasyon nou te jwenn nan kad elaborasyon lis pwojè sa a pou konte Monroe ak konte Wayne lan te vrèman eksepsyonèl epi tout moun ki konsène nan REDI yo apresye angajman ak efò patnè lokal nou yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo paske l gen kapasite prevwayans pou l rasanble lidè eta ak lidè lokal yo ki soti toupatou nan rejyon an ansanm pou yo pataje ide divèsifye ak novatris ke yo pral mete annaksyon kounye a epi ede kominote Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo vin menm pi djanm ak pi rezistan pandan n ap ede restore anviwònman New York la, olye nou mete l an danje".

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Eric Gertler te deklare, "Rekonstriksyon ak plis rezistans pi enpòtan pase jamè avan lè nou konsidere nouvo reyalite anviwònman nivo dlo yo k ap monte deplizanpli olon Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan. Komisyon REDI a ap travay di pou n asire ke kominote yo pa sèlman rekipere yo pi rapid apre evènman move tan devastatè yo, men tou pou yo vin pi djanm ak pi byen prepare pou efè deplorab chanjman klimatik yo alavni".

Yo te rezève trant milyon dola nan fon REDI yo pou Pwogram Rezistans Biznis Lak Ontario a (Lake Ontario Business Resiliency Program), k ap sou kontwòl Empire State Development (ESD). Nan kad pwogram lan, ESD pral ofri aplikan ki elijib yo, ki gen eksperyans jere dega ki dirèkteman lye ak inondasyon akòz nivo dlo yo monte nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan an 2019 la yo jiska 200,000 dola sibvansyon. Yo prevwa kalite aplikan ki elijib yo ap gen ladan ti biznis, òganizasyon san bi likratif, fèm yo, asosyasyon pwopriyetè ak mèt pwopriyete alwe yo. Nan kad pwogram lan, sibvansyon yo pral disponib pou ranbouse jiska 50 pousan depans nan pwojè amelyorasyon kapital aplikan elijib la ke yo te konsevwa pou ranfòse biznis yo kont efè inondasyon yo alavni epi rann biznis yo pi rezistan fas a lanati. Chak pwojè dwe resevwa sipò korespondan tou nan men gouvènman lokal yo k ap rive omwen 5 pousan fon eta ototal y ap akòde nan kad pwogram lan. Yo prevwa kontribisyon lokal yo pral gen ladan, men pa sèlman, sèten egzansyon taks Otorite Devlopman Endistriyèl la (Industrial Development Authorities, IDA) ap ofri, egzonerasyon gouvènman lokal yo ap

bay pou frè pèmi yo konn peye nòmalman, ak depans dirèk gouvènman lokal yo ap fè nan enfrastrikti ki lye a pwojè a. Pou w resevwa notifikasyon lè Pwogram Rezistans Biznis Lak Ontario a ap aksepte aplikasyon yo, tanpri ranpli fòmilè admisyon yo te pibliye resaman [la](#).

Anplis pwojè yo te anonse jodi a yo, Depatman Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta a ap jere yon Pwogram Asistans pou Pwopriyetè Kay Endividyèl (Individual Homeowner Assistance Program, IHAP) pou ane 2019 la ki pral ofri rezidan rejyon an ki nan uit (8) konte ki te afekte yo jiska 50,000 dola nan finansman eta a pou ede yo konpanse pou dega ki te devaste rezidans prensipal yo. Peryòd aplikasyon pou pwopriyetè kay yo ap rete ouvri jiska 31 Oktòb 2019, epi w ap ka jwenn plis enfòmasyon [la](#).

Komisè HCR la, RuthAnne Visnauskas te deklare, "Pandan kominote olon rivaj Lak Ontario a yo kontinye rekipere yo apre efè devastatè inondasyon yo, li enpòtan anpil pou n fè bon jan kalite investisman sa yo k ap ranfòse enfrastrikti yo alontèm. Lè nou amelyore rezistans toupatou nan rejyon ki gen tandans inonde yo, nou ka asire efò rekipasyon yo pou pwopriyetè kay ak biznis yo ap dirab".

Anpil nan pwojè REDI yo enkòpore enfrastrikti ekolojik oswa karakteristik natirèl oswa ki an fonksyon lanati yo epi y ap konsewa yo pou yo pa gen efè sou anviwònman oswa pou yo gen efè anviwòmantal minim. Enfrastrikti ekolojik yo rantab, yo gen avantaj sou plan anviwòmantal, epi yo itilize metòd rezistans pou jere efè yo lè gen anpil lapli yo. Byenke yo konsewa enfrastrikti pou kapte dlo lapli konvansyonèl yo, tankou sistèm kanalizasyon drenaj ak sistèm tretman dlo yo, pou retire dlo lapli yo nan anviwònman konstwi yo, enfrastrikti ekolojik yo redui epi trete dlo lapli a depi nan sous li pandan l ap pote avantaj anviwòmantal ak ekonomik san l pa detwi abita ni deranje karakteristik natirèl yo. Anplis de sa, [Gouvènè Cuomo te anonse resaman](#) ke nan pwochen Diskou Eta Leta (State of the State address) li a, li pral entwodui yon inisyativ restorasyon abita agresif, lidè onivo nasyonal, "Reyanime Manman Lanati" (Revive Mother Nature). Reyanime Manman Lanati pral sipòte efò restorasyon anviwòmantal enpòtan yo, menm jan ak anpil pwojè REDI yo te anonse jodi a yo, pou ede rann kominote yo pi rezistan fas a efè chanjman klimatik yo ak move tan ekstrèm yo, pandan l ap restore ak ogmante abita pwason ak bèt sovaj yo.

Prezidan ak Direktris Egzekitiv Jeneral Pwovizwa Environmental Facilities Corporation la, Avoka Jeneral Maureen Coleman te deklare, "Gouvènè Cuomo te fè New York vin yon lidè nan kad investisman enpòtan k ap fèt nan enfrastrikti dlo enpòtan yo. Enfrastrikti ekolojik yo ofri anpil avantaj pou kominote yo anplis soulajman pou inondasyon yo: filtrasyon polyan yo, rechaj nap dlo, rivyè ak kouran dlo yo, restorasyon abita yo, refwadisman anviwònman avwazinan an, redui polisyon lè a, epi redui itilizasyon enèji. Anons Gouvènè Cuomo fè jodi a se yon etap enpòtan pou rann kominote toupatou nan Empire State la yo rezistan fas a chanjman klimatik yo, epi ede yo prepare yo pou yon avni dirab".

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare. "Pwojè yo te idantifye yo se rezilta yon dyalòg pozitif, byen reflechi yo te fè ak kominote a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l chache pèspektiv lidè lokal yo epi li fè swivi avèk mezi ki pral vrèman nan avantaj rejyon sa yo".

Sekretè Eta a, Rossana Rosado te deklare, "Eta New York te toujou alatèt efò pou rantabilize pwen fò lidè lokal ak eta a yo pou pwoteje ak amelyore gran resous li yo. Pwojè yo te anonse jodi a yo se yon demonstrasyon byen klè ki montre angajman Gouvènè Cuomo pran pou l prezève sante ak sekirite rezidan New York yo pa mwayen pwoteksyon enfrastrikti enpòtan yo ki olon Lak Ontario a. Nan Depatman Eta a, nou kontinye travay depre ak anpil nan kominote sa yo pou n revitalize bò rivaj dlo yo epi ranfòse rezistans yo pandan n ap ogmante itilizasyon enfrastrikti ekolojik yo. Nou konnen nan ki pwen li enpòtan pou n estabilize rivaj la epi investi nan resous kotyè yo, tankou lansman bato yo ak zòn anbakman yo, enpòtan pou ekonomi yo ak pou fason nou viv la ki konekte ak dlo yo. Yo te reponn apèl Gouvènè te fè pou pase alaksyon pandan ete ki sot pase a avèk anpil ide solid, epi byento sa pral lakoz kominote ki olon rivaj la yo vin pi rezistan".

Komisè Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services, OGS), RoAnn Destito te deklare, "Gouvènè Cuomo se yon defansè fèvan pou kominote inondasyon yo te afekte olon Lak Ontario a. Komisyon REDI a ki gen plizyè ajans li te tabli a te reyini resous ekspè gouvènman yo ansanm pou yo chache jwenn solisyon epi bay bon jan finansman konsiderab pou pwojè k ap ranfòse rezistans ak ede pwoteje bò rivaj Eta New York la paske nou prevwa ap gen plis dega k ap kontinye fèt akoz move tan ekstrèm ak efè chanjman klimatik yo".

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation) Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare, "Lè kominote Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan yo t ap soufri a, Gouvènè Cuomo te pran mezi desiziv pou l te reponn a pwoblèm inondasyon an epi li te ofri finansman pou ede ranfòse enfrastrikti enpòtan yo. Mwen te vizite anpil sit depi lè inondasyon an te kòmanse a epi m te wè ak pwòp je m efè l genyen sou rezian yo, biznis yo ak enfrastrikti yo. Depatman Transpò Eta a kanpe fèm ak kominote ki afekte yo, nou prè pou n ede eta nou an ak patnè nou yo onivo lokal pandan y ap vanse anvè yon avni ki pi djanm, pi dirab olon rivaj la".

Komisè Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la (New York State Homeland Security and Emergency), Patrick A. Murphy te deklare, "Malgre efò enkwayab patnè nou yo nan eta ak onivo lokal yo te fè pou yo prepare pou, epi reziste fas a dlo inondasyon k ap monte deplizanpli yo, sèl fason nou ka vrèman pwoteje sante kominote Lak Ontario a yo alontèm se pou nou gade lak la nan yon pwendvi global epi chache jwenn fason pou n ranfòse rezistans bò rivaj la. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo ak travay di manm Komisyon REDI a te fè yo, nou pa sèlman gen yon plan an plas pou n kòmanse fè travay sa a, men tou nou te sekirize finansman ki nesèsè pou n rann pwojè yo vin yon reyalite".

Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) te di, "Gran Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan vital pou ekonomi eta nou an. Nou menm, nan NYPA, nou kontan anpil paske n wè investisman Gouvènè a ap fè nan pwojè REDI yo nan konte Monroe ak konte Wayne pral ede kominote bò rivaj nou yo vin pi rezistan nan moman chanjman klimatik imans sa a".

Komisè Depatman Travay la, Roberta Reardon, te di, "Travay Komisyon REDI a se yon bèl egzanp ki montre tout antye pi enpòtan pase sòm chak pati yo. Eta a, konte yo, ak minisipalite yo te bezwen travay ansanm pou ede kominote bò rivaj yo epi yo te fè sa an gran jan. Se te yon lonè pou m te patisipe nan pwosesis sa a ki reprezante gouvènman nan pi bon fòm li".

Vis Prezidan DASNY an, Paul G. Koopman te di, "DASNY fyè pou n sipòte inisyativ REDI Gouvènè Cuomo a. Nou kanpe prè pou n ede reponn a bezwen kominote sa yo ki te afekte yo genyen, ede yo vin pi rezistan fas a yon aviwònman k ap chanje deplizanpli".

Senatè Rich Funke te deklare, "Mwen kontan anpil pou m fè patenarya ak Gouvènè a ak DEC pou n pote finansman enpòtan sa a vin nan zòn nou an pou n ka pwomouvwa rezistans epi ede anpeche devastasyon inondasyon yo alavni. Melanje ak efò n ap fè pou n fè IJC asime responsablite l devan lajistis paske yo pa te ka pwoteje rezidan nou yo, investisman sa a ap fòme baz yon estrateji alontèm pou n pi byen jere nivo dlo yo ak pi byen sèvi kominote bò rivaj lak yo nan fason ki favorab sou plan anviwònmantal ak ekonomik".

Senatè Pamela Helming te deklare, "Plan 2014 la te devaste enfrastrikti kominote nou yo genyen olon rivaj lak la. Anonse jodi a reprezante yon gran angajman Eta New York ap pran pou n rekonstwi epi prepare pou lavni. Nou dwe investi nan rezistans epi ranfòse enfrastrikti nou yo pou n pwoteje rezidan ak ti biznis lokal nou yo pandan n ap kontinye lite pou n anile Plan 2014 la. Mwen apresye lidèchip Gouvènè a, patnè m yo nan lejislati a, ak anpil fonksyonè lokal ki te leve kanpe pou yo lite pou finansman sa a nou byen bezwen an".

Senatè Joseph Robach te deklare, "Mwen kontan anpil paske pwojè yo ki nan Vil Greece, Vil Rochester, ak Vil Hamlin lan te fè pati inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Lak Ontario a. Finansman sa a pral ede kominote nou an abòde amelyorasyon enfrastrikti enpòtan yo pou amelyore estabilizasyon bò rivaj la. Sa se yon etap nan bon direksyon pou ede pwoteje pwopriyetè kay yo epi anpeche anpil milyon dola nan depans ak dega alavni".

Manm Asanble Jamie Romeo te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou atansyon l bay bezwen kominote bò rivaj yo genyen yo, ak pou devouman l nan sipò l bay investisman minisipal ak pou enfrastrikti sa yo gras a inisyativ REDI a. Kounye a plis pase jamè, li enperatif pou nou menm, antanke reprezantan Eta New York, nou kontinye pledwaye an favè planifikasyon estratejik alontèm an rapò ak investisman k ap fèt nan kominote ki bò rivaj nou yo. Chanjman klimatik, evènman move tan enprevizib, ak plis debòdman basen vèsan yo pral fòse pwoblèm nivo dlo Lak Ontario a k ap monte a vin yon eleman konstan nan pwosesis desizyon n ap pran yo. Mwen paka tann pou m kontinye travay ak patnè nou yo nan gouvènman sou fason nou ka pi byen sipòte biznis ak kominote ki bò rivaj yo pa mwayen sipò finansye, revizyon potansyèl pou jere politik retrèt klimatik yo, ak pi byen edike rezidan k ap viv bò rivaj yo sou opsyon estabilite ak sekirite finansyèl yo genyen alavni".

Manm Asanble Steve Hawley te deklare, "Nivo dlo Lak Ontario a ki monte nan yon nivo san parèy ak inondasyon ki plede rive pandan plizyè ane ki sot pase la yo te lakoz

anpil destriksyon nan kay ak biznis ki sitiye olon rivaj la yo, men nan travay ak gouvènè a ak lidè eta a yo, n ap reyalize yon pakè èd eta a ki pral mete nou sou wout rekipasyon. Gran jan angajman finansye konsa k ap finance plis pase karant pwojè nan rejyon nou an yo enpòtan anpil pou revitalizasyon devlopman ekonomik, rekonstriksyon enfrastrikti kont inondasyon ak basen vèsan yo epi pèmèt kominote bò rivaj nou yo santi yo retounen alanòm. M ap kontinye travay ak lidè eta a ak lokal yo pou n wè ke pwopriyetè kay yo, biznis yo ak minisipalite yo resevwa èd yo bezwen pou yo vanse vè lavan".

Manm Asanble Peter Lawrence te deklare. "Mwen apresye anons Kominsyon REDI a fè jodi a pou atribisyon finansman yo bay Vil Greece pou sipòte Pwojè global Edgemere Drive la. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li ak mezi l ap pran pou l ogmante rezistans kominote k ap viv bò rivaj nou yo. Nenpòt mezi yo ka pran pou redui danje inondasyon bò rivaj yo lakoz yo ak ranfòse enfrastrikti ozalantou yo pou pwoteje sante ak sekirite rezidan yo rete yon premye priorite. Anons jodi a se yon etap n ap byen akeyi nan kad reyalizasyon mezi sa yo epi k ap asire byennèt rezidan k ap viv bò rivaj nou yo. Objektif nou alontèm toujou rete anilasyon Plan 2014 la epi retabli yon plan k ap redui nivo dlo nan lak la vin nan nivo l te ye avan".

Manm Asanble Brian Manktelow te deklare, "Anons finansman konsiderab pou atenye dega devastatè ki te fèt nan Sodus Point, vil Wolcott ak nan vil Huron an yo ki te rive akòz Plan 2014 la se yon trè bon nouvèl. Te gen anpil enkyetid osijè brèch ki olon baraj an bawo yo plis ewozyon ak inondasyon. Lefèt ke eta a ap atribiye dola pou zòn sa yo nan premye faz atribisyon fon REDI a yo montre ke nesosite pou fè reparasyon sa yo se yon priorite pou gouvènè a ak pou Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la. Ann espere ke travay la kòmanse byen rapid epi byento nou tande prèske menm anons sa a pou kominote yo ki nan konte Cayuga ak konte Oswego, ak pou biznis ak rezidan ki bò rivaj lak la yo".

Komisyon REDI a te tabli sou direksyon Gouvènè Cuomo, men li sou jesyon Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (DEC) Eta New York ak Empire State Development. Pami otorite ak ajans adisyonèl k ap patisipe yo genyen: Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY), Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) Eta a, Depatman Transpò a, Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services) ak Biwo Sèvis Ijans lan (Office of Emergency Management), Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA), Depatman Travay (Department of Labor) Eta a, ak Depatman Leta (Department of State) Eta New York la.

Egzekitif Konte Monroe a, Cheryl Dinolfo, te di, "Nan moman gran defi yo, nou te montre kantite travay nou ka akonpli lè nou travay ansanm. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak patnè nou yo nan lejislati a paske y ap ofri finansman nou byen bezwen sa a pou ede sipòte reparasyon ak rezistans bò rivaj Konte Monroe nou an. Li enpòtan kounye a plis pase jamè pou IJC pran angajman pou l pi byen jere nivo dlo nan lak la pou l asire dega pwopriyetè kay ak biznis yo te sibi yo pa repete ankò".

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Wayne lan, Steven LeRoy te deklare, "Aprè de (2) evènman inondasyon sevè pandan dezan ki sot pase la yo, Gouvènè Cuomo te elabore yon plan transfòmasyon pou rejyon Lak Ontario a ki pral ede pwoteje l kont lè nivo dlo yo monte pandan anpil jenerasyon k ap vini ankò. Nouvo pwojè sa y ap antreprann olon rivaj nou an pral pi byen pwoteje kominote nou yo kont inondasyon alavni epi ede nou prezève ekonomi lokal nou yo. Mwen vle remèsye Gouvènè a pou vizyon l nan kad elaborasyon inisyativ sa a".

Majistra Vil Rochester a, Lovely Warren, te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Cuomo paske l kontinye montre lidèchip li nan kad lit kont chanjman klimatik yo. Anons jodi a prezizeman montre ke Gouvènè a pran angajman pou l ede Rochester simonte defi n ap konfwonte akòz nivo dlo lak la k ap monte a".

Majistra Sodus Point lan, Dave McDowell te deklare, "Dlo inondasyon k ap monte deplizanpli yo te plis afekte rezidan ak biznis ki bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St Lawrence lan yo, epi dlo yo te kite anpil ravaj sou wout yo ak deseri kominote ki konplètman anba dlo. Gras a travay Komisyon REDI a ak investisman li te anonse jodi a yo, Gouvènè Cuomo ap leve kanpe pou l ede ranflouwe moun sa yo pou yo ka rekonstwi pi djanm pase jamè avan gras a sipò ak resous yo bezwen ak merite yo".

Sipèvizè Vil Irondequoit a, Dave Seeley te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Cuomo ak lidè eta nou an yo paske y ap pran mezi nesèsè pou yo pwoteje Vil nou an kont destriksyon dlo yo kite lè nivo yo monte. Finansman sa a pral pèmèt kominote a rekonstwi pi djanm ak pi entèlijan fas a inondasyon alavni. Nou paka pretann evènman move tan ekstrèm yo p ap rive ankò oswa yo p ap rive souvan. Fas a reyalyte sa a, nou ap pran mezi temerè jodi a pou n ka tounen yon kominote ki pi rezistan".

Sipèvizè Minisipalite Greece la, Bill Reilich te deklare, "Finansman Gouvènè Cuomo te bay pou pwojè sa yo pral ede nou fondamantalman chanje rivaj Lak Ontario a. Gras a nouvo enfrastruktir kotyè y ap mete sou pye yo, kominote nou yo pral pi byen pwoteje kont inondasyon danjre yo. Gouvènè a ap fè patenarya ak lidè eli onivo lokal tankou m ak anpil lòt ankò k ap viv olon rivaj la nan kad efò pou n konstwi yon fondasyon pou devlopman ekonomik nan rejyon nou an k ap dire alavni".

Sipèvizè Vil Hamlin lan, Eric Peters te deklare, "Rejyon nou an pral kontinye fè fas a nivo dlo yo k ap monte, epi nou gen anpil chans paske nou gen sipò Gouvènè a ak Komisyon REDI a. Gras a lidèchip Gouvènè a ak travay di tout moun ki konsène yo te fè, fanmi ak biznis ki isit la nan Hamlin ak nan lòt kominote bò rivaj lak la yo pral jwi anpil avantaj nan kad inisyativ REDI a, epi vil nou yo pral plis ranfòse alavni".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)